*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№116 (26568)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2026 азы 3 июль – сусæны мæйы 3 бон, майрæмбон

Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:
2 НÆЙ СЫН РОХГÆНÆН
*Кæмæй стæм сæрыстыр*
3 ТЕЛЕУЫНЫНАДЫ ПРОГРАММÆ
4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
*Бильярд*

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
t.me/gazetarastdzinad1923

Хъуыддаджы фембæлд

# Æнтыстджын æмгуыстад





**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО фембæлд Цæгат Кавказы федералон зылды Æддагон-базарадон банчы разамонæг Александр ДЫРЕНКОИМÆ. Рæгъмæ рахастæуыд дыууæвæрсыг æмгуыстады æмæ социалон иумæйаг проекттæ царды рауадзыны нысантæ.**

Æддагон-базарадон банчы æххуысæй 6-12 июлы республикæйы уыдзæн, традицион чи ссис, уыцы Æппæтуæрæсеон театралон фестиваль «Вахтангов. Фыдыуæзæгмæ фæндагыл». Ацы ран банк йæхи æвдисы фестивалы генералон æмгуыстгæнæджы хуызы. Программæйы сты бæстæйы горæтты театрты спектакльтæ, концерттæ, дæснытдзинад æвдисыны мадзæлттæ.

Александр Дыренко куыд радзырдта, афтæмæй уыцы рæстæг Дзæуджыхъæу суыдзæн стыр сценикон фæзуат, банк æхсызгонæй ацы культурон проекты цур кæй балæудзæн, уый фæрцы. Ныхас ма рауад «Пушкинаг картæ»-йы тыххæй дæр. Æддагон-базарадон банчы хицауы ныхасмæ гæсгæ, Цæгат Кавказы федералон зылды ацы картæйæ æппæты рæвдздæр пайда кæнынц Цæгат Ирыстоны.

Зæгъæм, ацы азы райдайæнæй «Пушкинаг картæ» рауадзыны тыххæй Цæгат Кавказы федералон зылды æрыгæттæ балæвæрдтой 300 мин курдиаты, схардз сыл кодтой 400 милуан сомы. Фембæлды ма æрдзырдтой Цæгат Ирыстоны «Нымæцон къабаз»-ы проекты гæнæнтæй спайда кæныны тыххæй. Уый фæрцы скъоладзаутæн фæзындзæн цалдæр авналæны баивыны фадат. Уæдæ ныййарджыты фадæттæ дæр фæуæрхæдæр уыдзысты.

Бетъырбухы дунеон экономикон форумы РЦИ-Алани æмæ Æддагон-базарадон банк цы бадзырд бафыстой, уый зынгæ фæуæрæхдæр кодта æмгуыстад. Сергей Меняйло куыд загъта, афтæмæй, Æддагон-базарадон проекттыл банк цы социалон æмæ инвестицион проекттыл архайы, банчы бæрны уæвæг нырыккон технологитæ æмæ авналæнтæ республикæйæн бар дæттынц, цæмæй йæ размæлæууæг нысантæ афойнадыл лыггонд цæуой. Сергей Меняйло ма бузныг загъта банчы разамындæн æмгуыстады тыххæй.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг æмæ Хицауады пресс-службæ**

ТАСС-Кавказ

# Инвестицион проекттæ ныфс дæттынц

**РЦИ-Аланийы экономикон рæзты министры хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг Олег БЫКАДОРОВ информацион центр «ТАСС-Кавказ»-ы йæ интервьюйы куыд загъта, афтæмæй республикæйы 2030 азмæ скæндзысты куысты ног 3,5 мин бынаты.**

Уыцы ныфс дæттынц инвестицион раззагдæр проекттæ. Ведомствæйы разамонæг куыд радзырдта, афтæмæй регионы экономикæйы бындуры сты фондз раззагдæр проекты бюджеты æдде æрбайсгæ. Комкоммæ уыцы проектты руаджы 2030 азмæ фæзындзæн куысты ног 3,5 мин бынаты. Цæгат Ирыстоны инвестицион хъомыс бамбарæн ис, цалдæр егъау инфраструктурон æмæ куыстадон объекты, се 'хсæн – дунеон аэропорт «Дзæуджыхъæу»-ы мидæггаг уæлдæфон тæлмыты ног аэровагзалон комплекс, илциисæн логистикон парк «Хуссайраг дуæрттæ», дыргътæ æфснайæн æмæ цæхæрадон «Казачий хутор».

Дарддæр куыст цæуы ног егъау проекттыл, инвестициты фæрцы рес-




ты, уыдон æнцайынц 12 дæлпроектыл. Инвестицитæ лæвæрд сты туризмы рæзтæн, логистикæйæн, агропромышленнон комплексæн.

Инвестициты бавæрдтой 77,9 миллиард сомы, уыдонæй 59 миллиард сомы йæ картæмæ йын æркæсгæйæ. Абоны онг регионы царды уадзынц 38 проекты, сæ иумæйаг аргъ у 143 миллиард сомы. Уыдоны руаджы республикæйы хъуамæ фæзыной куысты 11,7 мин бынаты.

Нырмæ уал скуыстой вестициты фæрцы республикæйы фæзындзæн егъау логистикон комплекс «Wildberries». Йæ аргъ у 12 миллиард сомæй фылдæр, фæзындзæн дзы куысты 8 мин бынатæй фылдæр.

**Нæ уацхæссæг**

Кæронбæттæн

# Ирыстоны хуыздæр дохтыртæ

**Цæгат Ирыстоны паддзахадон медицинон академийы кæронбæттæн скодтой премийæн «Мегадоктор: 2026 азы Ирыстоны медицинæйы рæзтмæ стыр бавæрæн». Сæ проекттæ рæгъмæ рахастой æмæ сæ комкоммæ уагæй экспертты цур хъахъхъæдтой регионы хуыздæр дохтыртæ.**

Преми раттыны хъæппæрис ныр æртыккæгæм хатт æвдисынц РЦИ-Аланийы Æнæниздзинад хъахъхъæнынады министрад, Медицинон академи æмæ компаниты къорд «Мега». Ацы хъуыддаг æрбаиу кодта дохтырты, ахуыргæндты, практикон æгъдауæй сæ арæхстдзинад æвдисæг специалистты. Уыдоны руаджы рæзы æнæниздзинады хъахъхъæнынад Цæгат Ирыстоны.

Кæронбæттæнмæ рацыдысты фараст специалисты, уыдон къорды уæнгтæн радзырдтой сæ куыстыты, сæ иртасæнты тыххæй, медицинон технологитæ цардмæ куыд хæссынц, уый тыххæй, стæй дзуаппытæ раттой экспертты фарстатæн. Фыццаг преми лæвæрд æрцыд уæлдæр къæпхæны дохтыр-травматолог **Плиты Маратæн**, амбылдта «Ирыстоны фыццаг хатт кæй саразтой, ахæм операци»-йы номинацийы. Уыцы операци нымад æрцыд регионы нырыккон травматологийы ахъаззагдæр къахдзæфыл.

«Ирыстоны низ раиртасыны ног фадæттæ æмæ сæ дзæбæх кæнын»-ы номинацийы фæуæлахиз дохтыр-онколог-маммолог **Инна Петриашвили**. Уый бацæттæ кодта риуы фæзынæг онкологон низтæ раиртасыны æмæ сæ дзæбæх кæныны мадзæлтты тыххæй проект. Наукон куысты номинацийы уæлахиздзау ссис дохтыр-кардиолог, медицинон наукæты кандидат **Бигъанаты Руслан**. Йæ куысты раир-






тæста, зæрдæйы алыварс тагъд æрцавдыл алыхуызон архайæг тыхтæ куыд зынынц, уыдæттæ.

Эксперттæ куыд фæбæрæг кодтой, афтæмæй премийы руаджы медицинон æмæхсæнад сæ дæсныйадон хъæппæристæ рæгъмæ хæссынц, кусынц сыл, ног технологитæй пайда кæнынц, Цæгат Ирыстоны æнæниздзинад хъахъхъæнынады раззæгдæр практикæтæ царды уадзынц.

**Цæгат Ирыстоны паддзахадон медицинон академийы пресс-службæ**

Адæмон газет

# Рафыссæм «Рæстдзинад»!




***ФИППАИНАГ!***

***Посты бастдзинады хайад куыд хъусын кæны, афтæмæй ацы азы дыккаг æмбисæн газет рафыссыны рæстæг адарддæр кодтой 15 июльмæ.***

**«Уæрæсейы пост»-ы цæгатирыстойнаг хайады куыд фехъусын кодтой, афтæмæй 2026 азы дыккаг æмбисæн газет «Рæстдзинад»-ы рафыссыны аргъ у 1717 сомы æмæ 16 капеччы. Уыимæ, адæмы льготон къордтæм чи хауы, уыцы адæмæн та – 1396 сомы æмæ 56 капеччы.**

**Газеты индекс: 53901.**

**Нæ зынаргъ газеткæсджытæ! Ирыстоны истори, ирон адæмы æгъдæуттæ, мадæлон æвзаг, ирон фысджытæ æмæ нывгæнджыты уацмыстæ зонын уæ кæд фæнды, æмæ нæ рæзгæ фæлтæр сæ мадæлон æвзаг уарзой æмæ йæ ахуыр кæной, уымæ кæд бæллут, уæд, уæ хорзæхæй, рафыссут «Рæстдзинад». Æмæ газет æхсæз мæйы дæргъы алы хæдзармæ дæр хæсдзæн ног хабæрттæ, зонгæ уæ кæндзæн, Ирыстон æмæ Уæрæсейы царды цы ивддзинæдтæ цæуы, уыдонимæ, дзурдзæн уын нæ ивгъуыды, нæ абон æмæ нæ сомбоны тыххæй.**

**Алы ирон хæдзарæн дæр – газет «Рæстдзинад»!**

**РЕДАКЦИ**

## Дзырды фарн

***Фыдæлты æгъдæуттæ рох кæнын нæ хъæуы.***

**КОЦОЙТЫ Арсен**

Боныхъæд | Gismeteo-йы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, **3 июлы** нæ уардзæн. Уæлдæфы температурæ – **16-29 градусы хъарм.**

Боны дæргъ — 15,18 | Хурыскаст — 04,26; Хурныгуылд — 19,44

Валютæйы аргъ | Доллар — 75,63; Евро — 85,77

12 +

Бæрæгбон

# Ӕдасæй цæуынæн

**3 июлы Уæрæсейы Федерацийы Мидхъуыддæгты министрады Фæндæгтыл ӕдасæй цæуыны паддзахадон инспекцийыл æххæст кæны 90 азы.**



Фæндæгтыл ӕдасдзинад сæйраг хъуыддаг кæй у, уый нымайгæйæ, Рахизфарсы районы автоинспектортæ сæ бæрæгбоныл сæмбæлдзысты куысты.

1936 азы нæ бæстæйы кæй сарæзтой, уыцы фыццаг автомобилон инспекцийы хæс уыд фæндагыл цыды фæткмæ цæст дарын, стæй, фæндаггон-транспортон фыдбылызтæ цæмæй ма цæуой, уымæн ахъаз кæнын.

Пъæлицæйы майор **Джиголаты Марат** разамынд кæмæн дæтты, Рахизфарсы районы мидхъуыддæгты хайады уыцы автоинспекцийы ныртæккæ кусынц 33 адæймаджы.

– Чысыл барадхæлдтытæй райдайгæйæ, стыр фыдбылызты онг чи схæццæ вæййы, паддзахадон автоинспектортæ иудадзыг фæндæгтыл ахæм алыхуызон уавæртыл сæмбæлынц. Куыст пъæлицæйы службæгæнджытæй домы канд профессион зонындзинæдтæ нæ, фæлæ ма фидар удыхъæд дæр. Адæм фæндагыл цыды фæтк æххæст кæнынц æви нæ, автоинспектортæ уымæ цæст дарынц, стæй фæндаггон-транспортон бæллæхтæй бæлццæттæ æмæ хæдтулгæскъæрджыты бахизынц. Ӕхсæвæй-бонæй автоинспектортæ фæндæгтыл рад хæссынц, – зæгъы Джиголайы-фырт.



Фæндаггон-транспортон фыдбылызты нымæц фæкъаддæр кæнынмæ, стæй, адæм фæндагыл цыды фæтк цæмæй хуыздæр зоной, уымæ арæзт чи у, автоинспектортæ рæстæгæй-рæстæгмæ ахæм дзыллон мадзæлттæ саразынц. Фæндагыл цыды ӕдасдзинады пропагандæйы инспектор, пъæлицæйы хистæр лейтенант **Дзгойты Фатимæ** скъоладзаутæн лекцитæ бакæсы. Фæндагыл цыды фæтк æнæмæнг æххæстгæнинаг кæй у, барадхъахъхъæнджытæ æнахъомтæн уый бамбарын кæнынц. Алыхуызон акцитæ аразгæйæ, пъæлицæйы кусджытæ хæдтулгæскъæрджытимæ дæр æмбарынгæнæн ныхас фæкæнынц.

– Ӕппæт хъæугæ кусæнгæрзтæй ифтонггонд чи у, нæ уыцы автоинспектортæ фæндагыл цыды ӕдасдзинадæн фадæттæ аразыны фæдыл фарстатæ æнтыстджынæй лыг кæнынц. Ӕрвылаз транспортон фæрæзты нымæцыл кæй æфты, уый нымайгæйæ, фæндагыл цыды фæткмæ цæст дарын æнцон нæу, – зæгъы районы автоинспекцийы хицау.

Рахизфарсы районы мидхъуыддæгты хайады хицау, пъæлицæйы булкъон **Челдыты Марат** профессион бæрæгбоны фæдыл æмгуыстгæнджытæ æмæ ветерантæн зæрдиаг арфæ ракодта.

Фæндæгтыл ӕдасдзинад нымад у нæ иумæйаг хæсыл. Цырддзастдзинад æмæ бæрнондзинад æвдисгæйæ, уæхи æмæ иннæты бахизут фыдбылызæй.

**УАЛЫТЫ Ритæ,**
**Рахизфарсы районы мидхъуыддæгты хайады инспектор**

Хæрзаудæн

# Ирыстонæй уарзондзинадимæ

**Волонтерты змæлд «Хуыйæм æмæ бийæм нæхиуæттæн. Ирыстонæй уарзондзинадимæ» æртыккæгæм аз æххуыс кæны сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæн. Уыцы рæстæгмæ æппæтуæрæсеон змæлды авд хайады æнæрынцойæ сæ куыст кæнынц Дзæуджыхъæуы, стæй республикæйы районты. Црау, Фыййагдон, Михайловск, Николаевс-кы станицæ, Мæздæг æмæ Джызæлы волонтертæ – ӕдæппæтæй сæ къорды ис, æххуысмæ цæттæ чи сты, уыцы 300 адæймаджы.**

Арв æмæ зæхх кæрæдзийы хостой, фæлæ уый дæр нæ баурæдта дзæуджыхъæуккаг къорды архайджыты сæ ахсджиаг куыстæй. Хорз зонынц, сæ конд дзаумæттæ æмæ хойрæгтæм æнхъæлмæ кæй кæсынц хæстонтæ. Уыдонимæ сын ис комкоммæ бастдзинад. Ӕппæтуæрæсеон змæлд хуыйны «Хуыйæм æмæ бийæм нæхиуæттæн», республикæйы волонтертæ та ма йæм хуымæтæджы нæ бафтыдтой «Ирыстонæй уарзондзинадимæ».



Не 'мзæххон Битарты Артур Запорожьейы хæсты тæлмы госпитæлы сæргъы лæууы. Куы ссæуы, уæд сæ, цы фæхъæуы, уый тыххæй дæр, бахатыр мын кæнут, мæ цæсгом уæм нæ хъæцы, фæлæ сæ кæм самал кæнон, уый нæ зонын, зæгъгæ, æфсæрмыгæнгæ фæзæгъы. Цæфтæн – хостæ, бæттæн æрмæг, хуыссæнгæрзтæ æмæ, афæдзы афонмæ гæсгæ цы уæлæдарæс бахуыйынц, уый ацæттæ кæнынц æмæ йын сæ йемæ арвитынц.

– Хæларæй цæры немæ Артур. Нæ къухы хъæугæ дзаумайæ цыдæриддæр вæййы, уыдон ацæттæ кæнæм, суанг, уæрдæттæ æмæ цæфты цæуыл фæхæссынц, ахæм лæггуыфтæ дæр. Адæм нын алцæмæй дæр æххуыс кæнынц. Чи – æхцайæ, чи та – дзаума æмæ хойрагæй. Бузныг се 'ппæтæн дæр. Михайловск æмæ нæ горæты Церетелийы уынджы кънйаз Владимиры аргъуантæй нæм арæх æрбахæссынц, сæрмагонд æфсæддон операцийæн дзы цы 'хца æрæмбырд вæййы, уыдон, стæй хомаг акъоппын цырæгътæн, – зæгъы къорды уæнг **Виктория Талалаева.**

Цардмæ куыдфæндыйы цæстæй чи нæ кæсы, ахæм адæймæгты æрбамбырд кодта волонтерты къорды разамонæг æрыгон сылгоймаг **Вера Бартель**. Цæвиттон, йе 'фсымæр 2022 азы æфсæддон училищæ каст куы фæцис, уæд райдыдта сæрмагонд æфсæддон операци, æмæ уырдæм ацыд. Уæлæдарæс мын балхæн, зæгъгæ, бахатыд йæ хомæ. Балхæныны охыл бацыд, федта æмæ йын, мæхæдæг дын бахуыйдзынæн, зæгъгæ, хъуымац балхæнынмæ хъавыд. Ме 'мбæлтты разæй мæ нæ хъæуы, ныхасæй, Вера бавдæлд æмæ хæстонтæн се 'ппæтæн дæр бахуыдта уæлæдарæс. Чысылгай йын æххуысгæнджытæ дæр фæзынд, куыдфæстæмæ бавнæлдтой хызтæ бийынмæ, цæфтæ хæссынæн сынтытæ хуыйынмæ дæр.

**Дзансолты-Хуыбиаты Тамарæ** пенсийы рацыд, фæлæ æрвылбон дæр куыстмæ цæуæгау волонтерты кусæнуатмæ фыццаг æрбахизы:

– Ныр æртыккаг аз дæн ам, хуыйгæ никуы кодтон, ам мын бацамыдтой алцыдæр, æмæ фæцалх дæн. Ныр мæ тыххæй дæр никæй бон бауыдзæн ацы куыстæй фæхицæн кæнын, – зæгъы Тамарæ.

**Дзидзойты-Цуцаты Зæирæ** та ма хæстонтæн хус хъæрмхуыппытæ кæнынил дæр фæцалх:

– Хъæрмхуыппæн цыдæриддæр хъæуы, уыдон сфыцын æмæ сæ дегидраторы бахус кæнын, граммтæм гæсгæ сæ сбарын æмæ сæ пакетты ныккæнын. Вакуумы фæрцы сын дзæвгар рæстæг ис дарæн. Уæйгæнджытæй бирæтæ куы базонынц, кæмæн æлхæнын хъæрмхуыппы хъацæнтæ, уæд мын йæ аргъæй аппарынц, науæд та сын уæлæмхасæн сæ сæрыл нывæрынц, – йæ архайды фæдыл нын радзырдта Зæирæ. Аппараттæ дæрæм. Куыд базыдтам, афтæмæй адæмы фæрцы фæзындысты.

Куысты уæлхъус баййæфтам **Битарты** дыууæ хойы – **Симæ** æмæ **Бэлæйы.** Йæ райгуырæн бон уыд Бэлæйæн, йе 'мкусджыты арфæйы ныхæстæй дæр бæрæг уыд, волонтерты къорды цы ахастдзинæдтæ ис кæрæдзиимæ, уый. Къорды уæнгтæ кусынц сæ хæдзæртты дæр. Адæмон фронт, республикæйы Паддзахадон исбонад æмæ зæххы ахастдзинæдты министрады 'ххуысæй райстой агъуыст. Сифтонг æй кодтой кусæнгæрзтæй. Ныр хуыйынц хæсты тæлмæй æрвыст заказтæ. Интернеты сын цы къорд ис, уырдæм арвитынц хъусынгæнинаг, æхца нæ уыйбæрц хъæуы, зæгъгæ, æмæ, йæ бон кæмæн цас вæййы, уыйас æрбарвиты хыгъдмæ.

Арфæйаг æмæ хъæугæ куыстыл хæст сты змæлды волонтертæ. Мах бирæ стæм, зæгъгæ дзы чидæр афтæ бакодта. Цыфæнды хъуыддаджы сæр лæууд ма уæд, иу уысм дæр сæ рох нæу, сæ зæрдæты ахаст æмæ къухты хъармæй кæй дæттынц ныфс сæрмагонд операцийы архайджытæн. Уыцы ныфс та Уæлахиз хæстæгдæр кæны.

**ХУЫБИАТЫ Ларисæ,**
**авторы ист къам**

Хъæууон хæдзарад

# Дипломтæ райстой



**Хæххон паддзахадон аграрон университеты арæзт æмбырды рæстæг ахуырадон проект «Фермеры скъола»-йы цыппæрæм хай кастфæуæвæг 30 адæймагæн дипломтæ раттой.**

Программæ баххæст кодтой «Россельхозбанк», Уæрæсейы Хъæууон хæдзарады министрад æмæ Цæгат Ирыстоны Хицауады æххуысæй. Дыууæ мæйы æмæ æрдæгмæ проекты архайджытæ зæхкусæг-фермерон хæдзарад саразыны, агротуризмы райрæзт æмæ агропромышленнон комплексы къабазы бизнесы куыст æххæст кæныны фæдыл программæтæ рахатыдысты. Проекты цыппæрæм хайы рæстæг ахуырад ацыдысты архайæг амалиуæггæнджытæ, сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæ æмæ сæ бинойнæгтæ, стæй, амæй размæ амынд проект каст чи фæци, уыдоны хиуæттæ.

Нæ республикæйы хъæууон хæдзарады министры хæдивæг **Къадзаты Игорь** æмæ «Россельхозбанк»-ы Бизнесы райрæзты цæгатирыстойнаг центры директор **Мзокты Олег** ног фермертæн профессион уагæй ногæй бацæттæ кæныны тыххæй дипломтæ раттой. Ахуырадон курсыты æппæтæй разæнгарддæрæй чи архайдта, агроуниверситеты ректор **Гогаты Олег** ахуыргæнæндоны питомникæй дыргъбæлæсты талатæ райсыны бардæттæг сертификаттæй уыцы фондз адæймаджы уæлæмхасæн уагæй схорзæхджын кодта.

Фæззæджы агроуниверситет æххæст кæнын райдайдзæн ахуырадон программæйы фæндзæм хай.

**РЦИ-Аланийы Хъæууон хæдзарады министрады пресс-службæ**

Нæй сын рохгæнæн

# Кæмæй стæм сæрыстыр

**Зæххыл тæккæ æвирхъаудæр хæст кæд 81 азы размæ советон адæмы хъазуатон тох æмæ куысты фæрцы банцад, уæддæр æрвылаз мысæм уыцы цаутæ æмæ хабæрттæ.**

...«Мах нæ Райгуырæн бæстæйы сæрибардзинад æмæ хæдбардзинады номыл стыр нывæндтæ куы 'рхастам, нæ адæм хæсты рæстæджы æнæнымæц хъуагдзинæдтæ æмæ рыстытæ куы баййæфтой, Фыдыбæстæйы сæрвæлтау фæсчъылдым æмæ фронты æнæрынцойæ куы фæллой кодтой, уыдон дзæгъæлы нæ фесты, махæн бантыст знагыл фæуæлахиз уæвын...» Советон Цæдисы Коммунистон партийы уæды Генералон нымæрдар, хæсты рæстæг бæстæйы хъахъхъæнынады Адæмон комиссар Иосиф Сталины ацы ныхæстæй иунæг дæр аппаринаг нæу. Уыдон хъуамæ сæ зæрдыл дарой абоны æмæ фидæны фæлтæртæ. Бæрзондæй-бæрзонддæр исой нæ адæмы кад æмæ намыс — уадз æмæ знæгтæ дæр уыной нæ ныфсхастдзинад, удфидардзинад æмæ йæ 'мбарой, сæ фыдвæндтæй куы нæ банцайой, уæд сæ кæрон кæдæм цæуы, уый...

Нæ Стыр Уæлахизмæ дзадджын æвæрæн чи бахаста, уыдонимæ уыдысты Елхоты цæрджытæ. Ацы кадджын хъæуы тынг бирæ ис, кад æмæ йын намыс чи 'рхаста фæллой æмæ тохы, ахæмтæ. Нæ ныхас дæлдæр уыдзæн, фæсчъылдымы æмæ хæсты фæстæ уæззау рæстæг адæмон хæдзарад йæ къæхтыл слæууын кæнынил йæ хъарутыл чи нæ ауæрста, уыдонил...

Ӕрджынарæджы дымæджы æрбынатон уæвынæй фæстæмæ елхотæгтæ Хæрисджынæй Даргътаджы онг сау мæр зæххытæй истой бирæ бæркад. Хохаг зынвадат цардæй уæрæх тъæпæнтыл сæ гутæттæ куы ауагътой, уæд фæлтæрæй-фæлтæрмæ сахуыр сты хуымзæххæй хъæздыг бæркад исын. Сæ бинонты фаг кодта сæ хор, Октябры социалистон революцийы агъоммæ ма нартхоры тыллæджы уæлдæйттæй паддзахадæн уæй дæр кодтой.

Кадджын æмæ намысджын Елхоты бирæ уыдис зæхкуысты дæснытæ. Уыдонимæ хистæр фæлтæры минæвæрттæ Дзиуаты Асланыхъо, Карсанты Боцын, Мамиаты Алхæст, Рубайты Шумахо, кæстæртæй та — Дзугаты Дзибудтайы фæскомцæдисон бригады уæнгтæ. Мах, абоны хъæуы хистæртæ, хъуыстам æмæ нæхæдæг æвдисæн уыдыстæм, хæсты рæстæг æмæ уый фæстæ азты бæрзонд хорæрзадыл цы ерыс цыдис, уыцы хабæрттæн. Уыдæттæ зæрдыл даргæйæ, ис бамбарæн, куыдæй фæзындысты ахæм зындгонд хортауджытæ, куыд Социалистон Фæллойы Хъæбатыртæ Дзгойты Еруслан æмæ Нæкуысаты Дæгко, бæрзонд паддзахадон хæрзиуджытæ кæмæн саккаг кодтой, уыдон: Дзгойты Бег, Карсанты Георги æмæ Хамби, Ходы Руслан æмæ Къубалты Георги, Дзгойты Руслан æмæ Къубалты Руслан, Хъæцмæзты Баграт æмæ Илья, Музаты Шота æмæ Николай Лехтерев, Хуыбылты Олег æмæ Батиаты Барис – бирæ сты, йæ хъазуатон куысты фæрцы йæ ном кæмæн айхъуыст, ахæмтæ.

Ивгъуыд æнусы цыппорæм азты дæр ма Елхоты уыдис цыппар колхозы. Сæ иу, мах кæмæ хаудтам, уый, хаста советон паддзахадон æмæ политикон архайæг Анастас Микояны ном. Йæ бригæдтæй иуæн разамынд лæвæрдта Милдзыхты Зауырбег (Кълеткæ – йæ фæсномыг, ацы мыггаджы уыдис цалдæр лæджы Зауырбег номимæ). Нæ йæм уыдис сæрмагонд ахуыргонддзинад, фæлæ æрдзæй рахаста зæрдæргъæвд. Суанг хи зæххытыл куы куыстой елхотæгтæ, уæдæй фæстæмæ сæрмагонд боныджы фыста боныхъæды ивддзинæдтæ, уыдон иу кæнæ иннæ культуры æрзадыл куыд фæзынынц, уыдæттæ. Уый фæстæ та, колхозы хуымты кæм цавæр культур хуыздæр æрзайы, уый дæр. Хорз ахъаз ын уыдысты ивгæтыдтытæ хъæугæ уагыл аразын, быдырон куыстытæ хуыздæр æмгъуыдты кæнынæн. Полеводæй (афтæ хуыдтой ныркккон агрономы) куы снысан кодтой Милдзыхы-фырты, уæд кæддæриддæр цæттæ уыд хуымзæххы алы гæппæлыл дæр зæрдиагæй баузæлын æмæ дзы хорз бæркад сисынмæ.

Адæмы 'хсæн нымад уыд Милдзыхты Зауырбег. Уый дæр сын æгъдау лæвæрдта, сæ фæллой кæддæриддæр уыд бынаты. Бригады уæнгты номхыгъд уыд йæ боныджы. Фæнды нæ йæ æрхæссын ацы æрмæджы, цæмæй та ногæй сæ нæмттæ æрлæууой сæ байзæддæгты зæрдæтыл: Едзойты Алыксандр, Едзойты Годзекка, Прокофий Карсель, Хъабанты Бабо, Сæлбиты Хадзырæт, Сæлбиты Бабо, Сохты Димка, Сæлбиты Косерхан, Мамиаты Дзыкъуыла, Кодзырты Голодзи, Батиаты Жури, Бицъоты Датга, Карсанты Дзыго, Агънаты Саса, Дзиуаты Варычкæ, Милдзыхты Клавдя, Зорыхъуаты Сæлимæт, Агънаты Алхæст, Андиаты Бимболат, Лазарты Рамазан, Лианты Гафе, Габысаты Хадзыгуа, Къубалты Сымыхан, Чеджемты Темболат, Бады Дæгка, Тотыккаты Тамарæ, Ходы Билла, Махъоты Верæ, Чеджемты Айсæду, Найфонты Чермен, Цомартаты Дзæйнæт, Тогъызаты Тамарæ, Тæлынты Дзедзикка, Чеджемты Дофга, Чеджемты Дема, Мамиаты Сериффæ, Тæлынты Бадти, Къубалты Мæхæмæт, Дзгойты Хъасболат (Дзыбынæг), Блаты Госæда, Лазарты Зинæ, Лазарты Афинæт, Чеджемты Фатка, Сæлбиты Беслæн, Дзиуаты Маха, Едзойты Дугка, Бычерахты Нуца, Дзгойты Сериффæ, Бургалаты Косерхан, Чеджемты Аминæт, Тотыккаты Адылби, Къубалты Фатъимæт, Бзарты Минкæ, Кодзырты Хъамболат (Бæппу), Кцойты Елмæсхан, Кодзырты Ӕвдуллæ, Тотыккаты Ибрæгим, Плиты Нинæ, Къарджиаты Еленæ, Ходы Хъамболат, Хъуысаты Дауыт, Алæты Георги, Агънаты Амæза, Агънаты Мамас, Къубалты Ханæт, Сæлбиты Уæлинка, Бады Раисæ, Къубалты Аминæт, Габысаты Дихо, Къубалты Мæдинæт, Батиаты Дрис, Сæлбиты Духан.

Кæй ранымадтам, уыцы нæлгоймæгтæн сæ фылдæр уыдысты фыццаг дунеон æмæ граждайнаг хæстыты архайджытæ. Сæ лæгдзинады тыххæй хорзæхгонд æрцыдысты алыхуызон хæрзиуджытæй. Сылгоймæгтæ та, искуыиуæй фæстæмæ — æртæ хæсты азарæй сидзæргæсæй чи баззад, ахæмтæ. Се 'ппæт дæр хъазуатонæй архайдтой хæлд адæмон хæдзарад ногæй йæ къæхтыл слæууын кæнынил, хуымгæндæй фылдæр тыллæг сисынил, цæмæй Райгуырæн бæстæ рæза, фидæны фæлтæртæн та сæ цард хуыздæр кæна.

Хорз ма йæ хъуыды кæнæм: ивгъуыд æнусы цыппорæм азты уæззау рæстæг колхозон быдыртæй иунæг гæппæл дæр æнæхицау нæ уыд. Алы колхозон дæр-иу, зæгъæм, нартхор кусынмæ райста 1-2-3 гектары — йæ авналæнтæ кæмæн куыд амыдтой, уымæ гæсгæ. Йæ бон кæмæн уыд, уыдон дардтой стуртæ æмæ фысвос, кусæг хайуантæ. Нартхор бафснайыны фæстæ-иу йæ хъæллæгъ æркарстой сæ фосæн холлагæн. Алчидæр æнкъардта бæрнондзинад, цы тыллæг æрзайын кодта, уый æнæсæфтытæй хæдзарады къæбицмæ баласыны хъуыддаджы.

Ӕнæ зæгъгæ нæй рæзгæ фæлтæры фæллойадон хъомылады тыххæй. Быдырон куыстытæм бинонтæ цыдысты иумæ хистæрæй-кæстæрæй. Ахуырдзаутæ та — скъолайæ уæгъд рæстæг. Уæды азты колхозонтæн сæ бакуыстæн нымадтой фæллойбонтæ, уыимæ – сывæллæттæн дæр. Уыдонæн та лæвæрдтой хор, халсартæ, харбызтæ æмæ неситæ, суанг мыды онг. Кæй зæгъын æй хъæуы, адæмы цард азæйазмæ кодта хуыздæр. Уымæн ма ахъаз уыд, советон хицауад карточкæтæ кæй аивта, стæй, алы аз хæлц æмæ промышленнон товарты æргътæ ныллæг кæй кодта, уыцы хъуыддаг.



...Фæндзæм аз цæуы сæрмагонд æфсæддон операци. Йæ архайджытæ — 1945 азы уæлахиздзауты фæдонтæ. Уыдонæн табуйаг сты сæ фыдæлты удуæлдай тох фыдызнагимæ æмæ фæллойы хъазуатонты фыдæбон. Куыд Фыдыбæстæйы Стыр хæсты рæстæг, афтæ ныр дæр тохгæнæг æфсад æмæ адæм сты иу: æфсæддонтæн æрвыст цæуы хæцæн æрмæг, хихъахъхъæнæн фæрæзтæ, хæлц. Хæстонтæ та æххæст кæнынц сæ хæс — укронацизмы уидæгтæ сыскъуынын. Сæ хъарутыл нæ ауæрдгæйæ, елхотаг лæппутæ дæр æвдисынц лæгдзинад, тох кæнынц нæ бæстæйы иудзинад æмæ хæдбардзинады сæрвæлтау, æцæгдзинад æмæ рæстдзинадыл. Фыдæлты намысæй, сæрыстыр уæвгæйæ, сты удфидар...

Царды цалхæн бауромæн нæй, – зæгъы ирон æмбисонд. Къорд азы рауад уæлдæр скойгонд цаутæй. Уыцы хистæртæй алкæмæн дæр уыд йæхи хъысмæт — нæ зыдтой сайын, давын, дысвæлдæхтæй фæллой кодтой. Сæ цардвæндаг у ирд дæнцæг абоны æмæ фидæны фæлтæртæн.

**КЪУБАЛТЫ Солтан,**
**РЦИ-Аланийы культурæйы сгуыхт кусæг,**
**Цæгат Ирыстоны кадджын ветеран**

## 6 Понедельник

### ПЕРВЫЙ КАНАЛ
05.00 Доброе утро 0+
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.25 Модный приговор 0+
10.15 Жить здорово! 16+
11.00, 12.15, 18.30 Время покажет 16+
14.00, 17.00, 22.55 Большая игра 16+
15.15 Давай поженимся! 16+
16.05 Мужское/Женское 16+
18.00 Вечерние новости
19.50 Пусть говорят 16+
21.00 Время
22.00 Т/с «Минута тишины» 16+
00.05 Время героев 16+
01.05, 03.05 Подкаст.Лаб 16+

### РОССИЯ 1
05.00 Утро России 12+
09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00 Вести
09.30, 11.30, 21.10 Вести. Местное время
09.55 О самом главном 12+
12.00, 18.00 60 минут 12+
14.30, 03.10 Т/с «Тайны следствия» 16+
17.00 Малахов 16+
21.30 Т/с «Галка» 16+
00.35 Вечер с Владимиром Соловьевым 12+

### ГТРК «АЛАНИЯ»
**«Алания» канал «Россия 1»**
05.06; 05.36; 07.06; 07.36 Местное время. Вести-Ирыстон. Утро
06.06; 06.36; 08.06; 08.36 Местное время. Вести-Алания. Утро
09.30 Местное время. Вести-Ирыстон
09.45 Утро России. Алания
09.55 Канал «Россия 1»
11.30 Местное время. Вести-Алания
12.00 Канал «Россия 1»
21.10 Местное время. Вести-Алания
21.30 Канал «Россия 1»
**«Алания» канал «Россия 24»**
15:00 Россия 24. Местное время
15:30 Канал «Россия 24»
17.30 Россия 24. Местное время
18.00 Канал «Россия 24»

### НТВ
04.45, 08.25, 10.35 Т/с «Лесник» 16+
06.30 Утро. Самое лучшее 16+
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 00.20 Сегодня
13.25 Чрезвычайное происшествие 16+
14.00 Т/с «Бим» 16+
16.45 ДНК 16+
20.00 Т/с «Балабол» 16+
22.15, 01.15 Т/с «Дельфин» 16+
00.40 «Ч.Т.Д» с Маргаритой Симоньян 16+
03.00 Т/с «Волк» 16+

### ПЯТЫЙ КАНАЛ
05.00, 09.00, 13.00, 17.00, 00.00 Известия 16+
05.40, 06.20 Т/с «Свои-2» 16+
07.00, 07.45 Т/с «Свои-6» 16+
08.40 Знание-сила 12+
09.30, 10.20, 11.15, 12.05 Т/с «Настоящий-2» 16+
13.30 Т/с «Великолепная пятерка-8» 16+
14.20, 15.15, 16.05, 23.05 Т/с «Великолепная пятерка-4» 16+
17.30, 18.20, 19.10, 19.45, 20.40, 21.25, 02.05, 02.40, 03.20, 03.55 Т/с «След» 16+
22.20 Т/с «Великолепная пятерка-7» 16+
00.30, 01.15 Т/с «Свои-7» 16+

### КУЛЬТУРА
06.30 Царица небесная. Владимирская икона Божией Матери 16+
07.05 Легенды мирового кино 16+
07.35 Х/ф «Прекрасная Елена» 12+
09.00 Д/ф «Забытое ремесло» 16+
09.15 Диалоги о животных 16+
10.00, 12.30, 17.00, 19.30 Новости культуры 16+
10.15, 02.10 Неизвестные маршруты России 16+
10.55 Х/ф «Расмус-бродяга» 0+
12.05 Д/ф «Запечатленное время» 16+
12.45 Д/ф «Твердыни земли русской» 16+
13.35 Линия жизни 16+
14.30 Х/ф «Без права на пощаду» 16+
16.40 Кристальные истории 16+
17.15 Д/ф «Первые в мире» 16+
17.30, 01.30 Неделя камерной музыки 16+
18.15 Д/ф «Всюду деньги, господа!» 16+
18.45 Х/ф «Алиса Коонен» 16+
19.45 Библейский сюжет 16+
20.15 Спокойной ночи, малыши!
20.30 Х/ф «Следствие ведут ЗнаТоКи» 0+
22.05 Спектакль «Берег утопии». «Путешествие» 16+
00.35 Ступени цивилизации 16+

### МАТЧ-ТВ
06.00 Смешанные единоборства. UFC. Никита Крылов против Модестаса Букаускаса. Трансляция из США 16+
07.00, 12.55, 17.50 Новости
07.05, 17.55, 20.45, 00.05 Все на Матч! 12+
09.30, 15.15 Футбол. Чемпионат мира-2026 г. 1/8 финала. Трансляция из США 6+
11.45 Улетный Футбол. Прямой эфир
12.35, 17.30 Футбол. Чемпионат мира-2026 г. Обзор 6+
13.00, 18.30 Футбол. Чемпионат мира-2026 г. 1/8 финала. Трансляция из Мексики 6+
21.30 Футбол. Чемпионат мира-2026 г. 1/8 финала. Прямая трансляция из США
01.05 Автоспорт. Дрифт. RDS GP. Трансляция из Нижнего Новгорода 6+
02.10 Легкая атлетика. Бриллиантовая лига. Трансляция из США 6+
04.00 Спортивная гимнастика. Чемпионат России. Трансляция из Калуги 6+

### ТВЦ
06.00 Настроение 12+
08.10 Смех, дрожь и видео 16+
08.35 Х/ф «Уравнение с неизвестными» 16+
10.35, 04.35 Актерские драмы 16+
11.30, 14.30, 17.50, 22.00, 00.00 События
11.50 Х/ф «Детектив на миллион. Оборотень» 12+
13.45 Мой герой 12+
14.50 Город новостей 16+
15.05 Х/ф «Человек из дома напротив» 12+
16.55 Прощание 16+
18.05 Т/с «Метод Михайлова» 16+
22.35 Хватит слухов! 16+
23.05 Знак качества 16+
00.30 Петровка, 38 16+
00.45 Д/ф «Русские тайны» 16+
01.30 Д/ф «Больше не смешно» 16+
02.10 Д/ф «Тайная комната» 16+
03.00 Т/с «Анна-детективъ-2» 16+
05.20 Д/ф «Невидимый поединок. Брижит Бардо и Катрин Денев» 16+

### ДОМАШНИЙ
06.30, 05.30 По делам несовершеннолетних 16+
07.20 Давай разведемся! 16+
08.20, 03.35 Тест на отцовство 16+
10.35 Д/ф «Прости меня...» 16+
11.40 Д/ф «Беду отведу» 16+
12.50, 02.15 Д/ф «Знахарка» 16+
13.25, 02.45 Д/ф «Верну любимого» 16+
14.00, 03.10 Д/ф «Голоса ушедших душ» 16+
14.35 Х/ф «По ступеням любви» 16+
19.00 Т/с «Доктор, я боюсь...» 16+
23.15 Х/ф «Он мне изменяет» 16+
00.20 Д/ф «Понять. Простить» 16+
01.20 Т/с «Порча» 16+
05.15 Одна за всех 16+

### РЕН-ТВ
05.00, 18.00, 01.05, 04.25 Самые шокирующие гипотезы 16+
06.00 С бодрым утром! 16+
08.30, 12.30, 16.30, 19.30, 23.00 Новости 16+
09.00 Военная тайна с Игорем Прокопенко 16+
11.00 Как устроен мир с Тимофеем Баженовым 16+
12.00, 16.00, 19.00 Информационная программа 112 16+
13.00 Загадки человечества 16+
15.00 Дикий, дикий мир 16+
17.00, 02.00 Тайны Чапман 16+
20.00 Безумные факты 16+
21.00 Х/ф «Матадор» 16+
23.25 Х/ф «Профессор и призрачный убийца» 18+

### СТС
05.00, 09.00, 04.55 100 мест, где поесть 16+
05.05, 05.50 С легким утром! 16+
06.40 Просто кухня. Лучшее 12+
08.00 Вам и не снилось 16+
09.45 Х/ф «Холоп» 16+
11.55 Х/ф «Снежный человек» 12+
13.55 Т/с «Папины дочки. Новые» 12+
17.55 Т/с «Граница миров» 16+
21.00 Х/ф «Битва с киборгами» 16+
22.55 Х/ф «Боевой механизм» 16+
00.45 Х/ф «Координаты цитадель» 18+
02.15 Х/ф «Белый слон» 18+
03.35 М/ф «Папа-мама гусь» 12+

### ТНТ
07.00, 07.30, 08.00, 08.30, 13.00, 13.30, 14.00, 14.30, 15.00, 15.30, 16.00, 16.30, 17.00, 17.30, 18.00, 18.30, 05.50, 06.20, 06.40 Т/с «СашаТаня» 16+
09.00 Сокровища императора 16+
19.00, 19.30, 20.00, 20.30, 21.00, 21.30, 22.00, 22.30 Т/с «Жуки» 16+
23.00 Х/ф «Иллюзия обмана» 16+
01.10 Х/ф «На краю» 18+
02.30, 03.20, 04.00, 04.40 Однажды в России 16+
05.00 Утро ТНТ-2026 16+

## 7 Вторник

### ПЕРВЫЙ КАНАЛ
05.00 Доброе утро 0+
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.25 Модный приговор 0+
10.15 Жить здорово! 16+
11.00, 12.15, 18.30 Время покажет 16+
14.00, 17.00, 22.55 Большая игра 16+
15.15 Давай поженимся! 16+
16.05 Мужское/Женское 16+
18.00 Вечерние новости
19.50 Пусть говорят 16+
21.00 Время
22.00 Т/с «Минута тишины» 16+
00.05, 03.05 Подкаст.Лаб 16+

### РОССИЯ 1
05.00 Утро России 12+
09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00 Вести
09.30, 11.30, 21.10 Вести. Местное время
09.55 О самом главном 12+
12.00, 18.00 60 минут 12+
14.30, 03.10 Т/с «Тайны следствия» 16+
17.00 Малахов 16+
21.30 Т/с «Галка» 16+
00.35 Вечер с Владимиром Соловьевым 12+

### ГТРК «АЛАНИЯ»
**«Алания» канал «Россия 1»**
05.06; 05.36; 07.06; 07.36 Местное время. Вести-Ирыстон. Утро
06.06; 06.36; 08.06; 08.36 Местное время. Вести-Алания. Утро
09.30 Местное время. Вести-Ирыстон
09.45 Утро России. Алания
09.55 Канал «Россия 1»
11.30 Местное время. Вести-Алания
12.00 Канал «Россия 1»
21.10 Местное время. Вести-Алания
21.30 Канал «Россия 1»
**«Алания» канал «Россия 24»**
17.30 Россия 24. Местное время
18.00 Канал «Россия 24»

### НТВ
04.45, 08.25, 10.35 Т/с «Лесник» 16+
06.30 Утро. Самое лучшее 16+
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 00.20 Сегодня
13.25 Чрезвычайное происшествие 16+
14.00 Т/с «Бим» 16+
16.45 ДНК 16+
20.00 Т/с «Балабол» 16+
22.15, 00.40 Т/с «Дельфин» 16+
02.30 Т/с «Волк» 16+

### ПЯТЫЙ КАНАЛ
05.00, 09.00, 13.00, 17.00, 00.00 Известия 16+
05.25, 06.00 Т/с «Свои-2» 16+
06.40, 07.20 Т/с «Свои-6» 16+
08.05 Страна советов 16+
08.40 Знание-сила 12+
09.30, 10.20, 11.15, 12.05 Т/с «Настоящий-2» 16+
13.30 Т/с «Великолепная пятерка-8» 16+
14.20, 15.15, 16.05, 23.05 Т/с «Великолепная пятерка-4» 16+
17.30, 18.20, 19.05, 19.45, 20.40, 21.25, 02.00, 02.40, 03.20, 03.55 Т/с «След» 16+
22.20 Т/с «Великолепная пятерка-7» 16+
00.30, 01.15 Т/с «Свои-7» 16+

### КУЛЬТУРА
06.30 Пешком... 16+
07.05 Легенды мирового кино 16+
07.35 Х/ф «Цыганский барон» 0+
09.00, 16.00, 02.40 Д/ф «Забытое ремесло» 16+
09.15 Диалоги о животных 16+
10.00, 12.30, 17.00, 19.30 Новости культуры 16+
10.15, 02.00 Неизвестные маршруты России 16+
10.55 Х/ф «Расмус-бродяга» 0+
12.15, 17.15 Д/ф «Первые в мире» 16+
12.45, 00.20 Ступени цивилизации 16+
13.40, 18.45 Д/ф «Замечательный век моей жизни. Вячеслав Бровкин» 16+
14.25, 20.30 Х/ф «Следствие ведут ЗнаТоКи» 0+
16.15 Отсекая лишнее 16+
17.30, 01.15 Неделя камерной музыки 16+
18.15 Д/ф «Всюду деньги, господа!» 16+
19.45 Библейский сюжет 16+
20.15 Спокойной ночи, малыши!
22.05 Спектакль «Берег утопии». «Кораблекрушение» 16+

### МАТЧ-ТВ
06.00 Смешанные единоборства. UFC. Брэндон Морено против Лонэ Каваны. Трансляция из Мексики 16+
07.00, 12.55, 17.50 Новости
07.05, 17.55, 21.05, 01.05 Все на Матч! 12+
09.30, 13.00, 15.15 Футбол. Чемпионат мира-2026 г. 1/8 финала. Трансляция из США 6+
11.45 Улетный Футбол. Прямой эфир
12.35, 17.30 Футбол. Чемпионат мира-2026 г. Обзор 6+
18.30 Футбол. Чемпионат мира-2026 г. 1/8 финала. Прямая трансляция из США
22.00 Футбол. Чемпионат мира-2026 г. 1/8 финала. Прямая трансляция из Канады
02.10 Регби. Чемпионат России. «Енисей-СТМ» (Красноярск)-«Динамо» (Москва) 12+
04.00 Спортивная гимнастика. Чемпионат России. Трансляция из Калуги 6+

### ТВЦ
06.00 Настроение 12+
08.10 Доктор И... 16+
08.40 Х/ф «Уравнение с неизвестными» 12+
10.35, 04.35 Актерские драмы 16+
11.30, 14.30, 17.50, 22.00, 00.00 События
11.50 Х/ф «Детектив на миллион. Оборотень» 12+
13.45 Мой герой 12+
14.50 Город новостей 16+
15.05 Х/ф «Человек из дома напротив» 12+
16.55 Прощание 16+
18.05 Т/с «Метод Михайлова» 16+
22.35 Хватит слухов! 16+
23.05 Д/ф «Не дошли до ЗАГСа» 16+
00.30 Петровка, 38 16+
00.45 Д/ф «90-е» 16+
01.30 Хроники московского быта 16+
02.15 Д/ф «Следствие ведет КГБ» 16+
03.00 Т/с «Анна-детективъ-2» 16+
05.20 Д/ф «Невидимый поединок. Высоцкий и Золотухин» 16+

### ДОМАШНИЙ
06.30, 05.30 По делам несовершеннолетних 16+
07.20 Давай разведемся! 16+
08.20, 03.35 Тест на отцовство 16+
10.35 Д/ф «Прости меня...» 16+
11.40 Д/ф «Беду отведу» 16+
12.50, 02.15 Д/ф «Знахарка» 16+
13.25, 02.45 Д/ф «Верну любимого» 16+
14.00, 03.10 Д/ф «Голоса ушедших душ» 16+
14.35 Х/ф «Одно целое» 16+
19.00 Т/с «Доктор, я боюсь...» 16+
23.15 Х/ф «Он мне изменяет» 16+
00.20 Д/ф «Понять. Простить» 16+
01.20 Т/с «Порча» 16+
05.15 Одна за всех 16+

### РЕН-ТВ
05.00, 18.00, 01.15, 04.25 Самые шокирующие гипотезы 16+
06.00 С бодрым утром! 16+
08.30, 12.30, 16.30, 19.30, 23.00 Новости 16+
09.00 Военная тайна с Игорем Прокопенко 16+
10.00 Совбез 16+
11.00 Как устроен мир с Тимофеем Баженовым 16+
12.00, 16.00, 19.00 Информационная программа 112 16+
13.00 Загадки человечества 16+
14.00 Невероятно интересные истории 16+
15.00 Д/ф «Легенды и мифы» 16+
17.00, 02.10 Тайны Чапман 16+
20.00 100 вопросов обо всем 16+
20.45 Х/ф «РЭД-2» 16+
23.25 Х/ф «Затерянные во льдах» 16+

### СТС
05.00, 09.00, 04.10 100 мест, где поесть 16+
05.05, 05.50 С легким утром! 16+
06.40 Просто кухня. Лучшее 12+
08.00 Вам и не снилось 16+
09.45 Х/ф «Я худею» 16+
11.50 Х/ф «Я-медведь» 6+
13.55 Т/с «Папины дочки. Новые» 12+
17.55 Т/с «Граница миров» 16+
21.00 Х/ф «(Не)Искусственный интеллект» 12+
23.00 Х/ф «Сводишь с ума» 16+
01.00 Х/ф «Руки вверх!» 16+
02.40 Х/ф «Любовники» 16+

### ТНТ
07.00, 07.30, 08.00, 08.30, 09.00, 09.30, 10.00, 10.30, 11.00, 11.30, 12.00, 12.30, 13.00, 13.30, 14.00, 14.30, 15.00, 15.30, 16.00, 16.30, 17.00, 17.30, 18.00, 18.30, 05.50, 06.20, 06.40 Т/с «СашаТаня» 16+
19.00, 19.30, 20.00, 20.30, 21.00, 21.30, 22.00, 22.30 Т/с «Жуки» 16+
23.00 Х/ф «Иллюзия обмана-2» 12+
01.00 Х/ф «Скайлайн-2» 18+
03.05, 03.50 Однажды в России 16+
05.00 Утро ТНТ-2026 16+

## 8 Среда

### ПЕРВЫЙ КАНАЛ
05.00 Доброе утро 0+
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.25 Модный приговор 0+
10.15 Жить здорово! 16+
11.00, 12.15, 18.30 Время покажет 16+
14.00, 17.00, 22.55 Большая игра 16+
15.15 Давай поженимся! 16+
16.05 Мужское/Женское 16+
18.00 Вечерние новости
19.50 Пусть говорят 16+
21.00 Время
22.00 Т/с «Минута тишины» 16+
23.55 Шоу Вована и Лексуса 16+
01.00, 03.05 Подкаст.Лаб 16+

### РОССИЯ 1
05.00 Утро России 12+
09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00 Вести
09.30, 11.30, 21.10 Вести. Местное время
09.55 О самом главном 12+
12.00, 18.00 60 минут 12+
14.30, 03.10 Т/с «Тайны следствия» 16+
17.00 Х/ф «Семья семей» 12+
21.30 Т/с «Галка» 16+
00.35 Вечер с Владимиром Соловьевым 12+

### ГТРК «АЛАНИЯ»
**«Алания» канал «Россия 1»**
05.06; 05.36; 07.06; 07.36 Местное время. Вести-Ирыстон. Утро
06.06; 06.36; 08.06; 08.36 Местное время. Вести-Алания. Утро
09.30 Местное время. Вести-Ирыстон
09.45 Утро России. Алания
09.55 Канал «Россия 1»
11.30 Местное время. Вести-Алания
12.00 Канал «Россия 1»
21.10 Местное время. Вести-Алания
21.30 Канал «Россия 1»
**«Алания» канал «Россия 24»**
17.30 Россия 24. Местное время
18.00 Канал «Россия 24»

### НТВ
04.50, 08.25, 10.35 Т/с «Лесник» 16+
06.30 Утро. Самое лучшее 16+
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 00.20 Сегодня
13.25 Чрезвычайное происшествие 16+
14.00 Т/с «Бим» 16+
16.45 ДНК 16+
20.00 Т/с «Балабол» 16+
22.15, 00.40 Т/с «Дельфин» 16+
02.25 Т/с «Волк» 16+

### ПЯТЫЙ КАНАЛ
05.00, 09.00, 13.00, 17.00, 00.00 Известия 16+
05.25, 06.05 Т/с «Свои-2» 16+
06.50 Т/с «Свои-3» 16+
07.35 Т/с «Свои-6» 16+
08.25 Стройнадзор 16+
09.30, 10.20, 11.15, 12.05 Т/с «Настоящий-2» 16+
13.30 Т/с «Великолепная пятерка-8» 16+
14.20, 15.15, 16.05, 23.05 Т/с «Великолепная пятерка-4» 16+
17.30, 18.20, 19.00, 19.45, 20.40, 21.25, 02.05, 02.40, 03.15, 03.55 Т/с «След» 16+
22.20 Т/с «Великолепная пятерка-7» 16+
00.30, 01.20 Т/с «Свои-7» 16+

### КУЛЬТУРА
06.30 Пешком... 16+
07.05 Легенды мирового кино 16+
07.35 Х/ф «Ганна Главари» 0+
08.50 Д/ф «Крым. Кореиз. Юсуповский дворец» 16+
09.15 Диалоги о животных 16+
10.00, 12.30, 17.00, 19.30 Новости культуры 16+
10.15, 02.15 Неизвестные маршруты России 16+
10.55 Х/ф «Приключения Каллесыщика» 16+
12.00 Д/ф «Запечатленное время» 16+
12.45, 00.40 Ступени цивилизации 16+
13.40 Х/ф «Алиса Коонен» 16+
14.25, 20.30 Х/ф «Следствие ведут ЗнаТоКи» 0+
15.55 Кристальные истории 16+
16.15 Отсекая лишнее 16+
17.15 Д/ф «Первые в мире» 16+
17.30, 01.30 Неделя камерной музыки 16+
18.15 Д/ф «Всюду деньги, господа!» 16+
18.45 Д/ф «Сны мастера» 16+
19.45 Библейский сюжет 16+
20.15 Спокойной ночи, малыши!
22.05 Спектакль «Берег утопии». «Выброшенные на берег» 16+

### МАТЧ-ТВ
06.00 Смешанные единоборства. UFC. Джастин Гейджи против Пэдди Пимблетта. Трансляция из США 16+
07.00, 12.55, 17.50 Новости
07.05, 17.55, 00.00 Все на Матч! 12+
09.30, 15.15 Футбол. Чемпионат мира-2026 г. 1/8 финала. Трансляция из США 6+
11.45 Улетный Футбол. Прямой эфир
12.35, 17.30 Футбол. Чемпионат мира-2026 г. Обзор 6+
13.00 Футбол. Чемпионат мира-2026 г. 1/8 финала. Трансляция из Канады 6+
18.55 Футбол. Winline Суперсерия. «Зенит» (Россия)-«Нефтчи» (Узбекистан). Прямая трансляция из Санкт-Петербурга
21.00 Смешанные единоборства. Бетсити Fight Nights. Прямая трансляция из Каспийска
01.05 Вы это видели 12+
02.10 Велоспорт. Шоссе. Альфа-Банк Чемпионат России. Групповая гонка. Трансляция из Казани 6+
04.00 Спортивная гимнастика. Чемпионат России. Трансляция из Калуги 6+

### ТВЦ
06.00 Настроение 12+
08.10 Доктор И... 16+
08.40 Х/ф «Магазинчик на колесах» 16+
10.35, 04.40 Актерские драмы 16+
11.30, 14.30, 17.50, 22.00, 00.00 События
11.50 Х/ф «Детектив на миллион. Расплата» 16+
13.45 Мой герой 12+
14.50 Город новостей 16+
15.05 Х/ф «Охота на крылатого льва» 12+
16.55 Прощание 16+
18.05 Т/с «Метод Михайлова» 16+
22.35 Хватит слухов! 16+
23.05 Хроники московского быта 16+
00.30 Петровка, 38 16+
00.45 Д/ф «Охота на маньяка» 16+
01.30 Знак качества 16+
02.15 Д/ф «Обжалованию не подлежит. Душегубы» 16+
03.00 Т/с «Анна-детективъ-2» 16+
05.20 Д/ф «Прототипы. Остап Бендер» 16+

### ДОМАШНИЙ
06.30, 05.35 По делам несовершеннолетних 16+
07.25 Давай разведемся! 16+
08.25, 03.35 Тест на отцовство 16+
10.40 Д/ф «Прости меня...» 16+
11.45 Д/ф «Беду отведу» 16+
12.55, 02.15 Д/ф «Знахарка» 16+
13.30, 02.45 Д/ф «Верну любимого» 16+
14.05, 03.10 Д/ф «Голоса ушедших душ» 16+
14.40 Х/ф «Горький нектар» 16+
19.00 Т/с «Доктор, я боюсь...» 16+
23.15 Х/ф «Он мне изменяет» 16+
00.20 Д/ф «Понять. Простить» 16+
01.20 Т/с «Порча» 16+
05.15 Одна за всех 16+

### РЕН-ТВ
05.00, 18.00, 01.40, 04.30 Самые шокирующие гипотезы 16+
06.00 С бодрым утром! 16+
08.30, 12.30, 16.30, 19.30, 23.00 Новости 16+
09.00 Документальный спецпроект 16+
10.00 Засекреченные списки 16+
11.00 Как устроен мир с Тимофеем Баженовым 16+
12.00, 16.00, 19.00 Информационная программа 112 16+
13.00 Загадки человечества 16+
14.00 Невероятно интересные истории 16+
15.00 Момент в истории 16+
17.00, 02.25 Тайны Чапман 16+
20.00 Дикий, дикий мир 16+
20.55 Х/ф «Ускорение» 16+
23.25 Х/ф «Аферистка» 18+

### СТС
05.00, 09.00, 04.15 100 мест, где поесть 16+
05.05, 05.50 С легким утром! 16+
06.40 Просто кухня. Лучшее 12+
08.00 Вам и не снилось 16+
10.00 Х/ф «Сводишь с ума» 16+
12.00 Х/ф «Маруся фореva!» 12+
13.40 Т/с «Папины дочки. Новые» 12+
17.55 Т/с «Граница миров» 16+
21.00 Х/ф «Зачетная принцесса» 16+
23.20 Х/ф «Виола в бутсах» 16+
01.20 Х/ф «Йогнутая семейка» 18+
02.40 М/ф «Шимми. Первый король обезьян» 12+

### ТНТ
07.00, 07.30, 08.30, 09.00, 09.30, 10.00, 10.30, 11.00, 11.30, 12.00, 12.30, 13.00, 13.30, 14.00, 14.30, 15.00, 15.30, 16.00, 16.30, 17.00, 17.30, 18.00, 18.30, 05.50, 06.20, 06.40 Т/с «СашаТаня» 16+
08.00 Кто куда 16+
19.00, 19.30, 20.00, 20.30, 21.00, 21.30, 22.00, 22.30 Т/с «Жуки» 16+
23.00 Х/ф «Королек моей любви» 18+
01.10 Х/ф «Брахмастра» 12+
03.55, 04.40 Однажды в России 16+
05.00 Утро ТНТ-2026 16+

## 9 Четверг

### ПЕРВЫЙ КАНАЛ
05.00 Доброе утро 0+
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.25 Модный приговор 0+
10.15 Жить здорово! 16+
11.00, 12.15, 18.30 Время покажет 16+
14.00, 17.00, 22.55 Большая игра 16+
15.15 Давай поженимся! 16+
16.05 Мужское/Женское 16+
18.00 Вечерние новости
